



# DEKRÈ EGZEKITIF PREZIDAN TRUMP SOU IMIGRASYON

Avètisman: Se Inite Lwa Imigrasyon nan Sosyete Èd Legal (Legal Aid Society) ki te kreye bilten enfòmasyon sa a. Bilten enfòmasyon sa a se pa konsèy legal, ni li pa la pou ranplase konsèy yon ekspè nan imigrasyon.

Prezidan Trump gentan fè soti divès kalite dekrè egzekitif ki menase kominote imigran yo nan divès fason. Nan pami sa yo, yonn konsantre sou moun andedan Etazini, yon lòt sou moun yo arete nan fwontyè, ak yon twazyèm sou entèdiksyon pou refijye ak lòt moun ki soti nan peyi Prezidan an konsidere kòm danjere.

Gen twa lòt **pwojè** dekrè, ki poko siyen. Dapre pwojè nou te wè yo: yonn ta va mete fen nan pwogram DACA a epi chanje priyorite pou depòtasyon, yon dezyèm ta ka chanje fason lè w ap resevwa sèten avantaj gouvènman, sa afekte imigran yo ak moun ki esponsò imigran yo, epi yon twazyèm ta ka afekte travayè etranje.

**NÒT:** Gen kèk nan dispozisyon ki prevwa nan divès dekrè ki siyen ak pwojè dekrè yo ki ka depase pouvwa Prezidan an epi yo gendwa te vyole Konstitisyon an. Kòm konsekans, tribinal federal yo gendwa pita mete yon limit sou yo.

## I. KISA KI GENTAN RIVE

**Dekrè pou Aplikasyon Lalwa Andedan Peyi a** (siyen le 25 janvyè 2017) ak **Memorandòm Egzekisyon** Depatman Sekirite Enteryè Etazini (DHS, U.S. Department of Homeland Security) (ki gen dat 20 fevriye 2017)

Nan pami anpil lòt bagay, dekrè sa a mande pou gouvènman federal la:

- Ogmante efò pou aplike depòtasyon pou mete ladan moun:
  - ki gen kondanasyon kriminèl,
  - ke yo te akize pou krim menmsi pwochè tribinal kriminèl la pa te fini,
  - ki te komèt zak kriminèl ki pa te menm jwenn akizasyon,
  - ki fè fwòd avèk nenpòt ajans gouvènman an,
  - ki te resevwa benefis byennèt ilegalman,
  - ki gen yon lòd final pou depòtasyon men ki pa janm kite peyi a, epi
  - ki reprezante yon menas pou sekirite piblik oswa pou sekirite nasyonal.
- Anboche 10,000 ajan depòtasyon anplis.
- Kenbe lajan federal pou pini eta yo ak lokalite yo ki refize otorize responsab aplikasyon lalwa lokal yo kolabore ak otorite federal imigrasyon.
- Ede moun ki viktim krim ke imigran san papyè yo komèt.
- Kolekte amann imigran san papyè yo pa peye.

Pou reponn Dekrè Egzekitif la, DHS fè soti yon memorandòm ki kominike règleman annapre la yo:

- Memorandòm priyorite aplikasyon anvan yo (ankontan sandout memorandòm Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Etazini (USCIS) konsènan emisyon Avi Konvokasyon), yo tout anile, sof ke memorandòm DACA ak DAPA anvan yo pa anile nan moman kounye a.
- Yo remete Pwogram Kominote an Sekirite a (Secure Communities) pou kenbe pi lontan nan prizon pou imigrasyon, epi Pwogram Priyorite Aplikasyon Lalwa (Priority Enforcement) a anile.
- Pwogram Kriminèl Etranje a (Criminal Alien) gen pou elaji, pou akselere ekspilsyon moun ki nan prizon; sa gen ladan odyans imigrasyon andedan prizon yo nan "nenpòt konpetans volontè."
- Elaji itilizasyon akò 287(g), ki pèmèt DHS delege fonksyon aplikasyon lwa imigrasyon federal bay lapolis lokal yo.
- Biwo Viktim Krim Imigrasyon (VOICE, Victims of Immigration Crime Engagement) dwe pou mete anplas, pou ede moun ki ta viktim krim anba men moun ki pa-sitwayen ameriken. Tout resous pou defann moun ki pa sitwayen ki plis riske viktim yo deplase ale nan VOICE kounye a.
- Ajans DHS yo dwe evalye ak kolekte tout amann ak penalite ki posib kont moun ki prezan nan fason ilegal, ankontan moun ki bay yo èd.
- Yo retire pwoteksyon Lwa sou Enfòmasyon prive, pou moun ki pa ni sitwayen ameriken ni rezidan legal pèmanan. Demann Lwa Libète Enfòmasyon yo kounye a ka riske pou tout lòt moun.

**Dekrè pou Sekirite Fwontyè ak Depòtasyon** (siyen le 25 janvyè 2017) ak **Memorandòm Egzekisyon** Depatman Sekirite Enteryè Etazini (DHS, U.S. Department of Homeland Security) (ki gen dat 20 fevriye 2017)

Nan pami anpil lòt bagay, dekrè a mande gouvènman federal la pou:

- Bati yon miray sou longè fwontyè sid nou an.
- Pwoteje fwontyè sid la, konsa pèsonn pa ka antre san pèmision.
- Kreve nouvo sant detansyon toupre fwontyè sid la.
- Sispann metòd "kenbe-epi-lage a (catch-and-release)" pou moun ki antre san pèmision, konsa moun sa pral rete nan prizon pandan dosye depòtasyon li.
- Anboche 5,000 ajan anplis pou fè patwouy nan Fwontyè a.
- Ogmante egzamen aplikasyon pou azil dekwa pou yo bay plis aplikasyon refi pou azil.
- Pini eta yo ak lokalite yo ki refize otorize responsab aplikasyon lalwa lokal yo kolabore ak otorite federal imigrasyon.

Pou reponn Dekrè Egzekitif la, DHS fè soti yon memorandòm ki kominike règleman annapre la yo:

- Ogmante anpil detansyon ni toupre fontyè a ni anndan Etazini pou moun ki riske depòte.

- Elaji ekspilsyon rapid pou moun ki **nenpòt kote** andedan Etazini (olye pou se sèlman nan mwenske 100 mil avèk fwontyè yo ak lakòt yo) epi ki te prezan pandan mwens pase dezan.
- Idantifye epi evalye avèk presizyon tout sous èd dirèk ak endirèk ak asistans pou Meksik, ankontan aktivite ransèyman.
- Elaji itilizasyon akò 287(g), ki pèmèt DHS delege fonksyon aplikasyon lwa imigrasyon federal bay lapolis lokal yo.
- Etidye sekirite fwontyè sid la, ankontan planifikasyon ak konstriksyon yon miray.
- Tounen moun ki pa sitwayen ameriken ki vini apati Meksik oswa Kanada nan peyi sa yo, annatandan pwosedi ekspilsyon.
- Mete restriksyon sou nòm pou aplike pou azil.
- Mete restriksyon sou itilizasyon libète sou kondisyon.
- Mete restriksyon nan definisyon Timoun ki pa akonpaye (UAC, Unaccompanied Children) pou retire ladan timoun ki gen yonn oswa toude paran Ozetazini epi/oswa ki vin gen 18 an.
- Pouswiv paran oswa gadyen legal UAC yo pou kontrebann oswa trafik.

**Dekrè ki Mete sou kote Mizilman ak Lòt moun** (siyen le 6 mas 2017, pou antre anvigè 16 mas 2017; yo atann ki gen anpil chans pou li konteste nan tribinal; anile Dekrè 27 janvyè 2017 la ki Mete sou kote Mizilman ak Lòt moun)

Nan pami anpil lòt bagay, dekrè sa a mande pou gouvènman federal la:

- Pou 90 jou, entèdi antre pou tout sitwayen Iran, Libi, Somali, Soudan, Lasiri, ak Yemenn ki andeyò Etazini nan dat antre anvigè dekrè a (16 mas 2017), ki pa te gen yon viza valab a 5:00 p.m. nan Lè Nòm al Zòn Lès le 27 janvyè 2017, epi ki pa gen yon viza valab nan dat antre anvigè dekrè a (ki rele "Entèdiksyon mizilman" annapre la a).
  - Irak pa sou lis entèdiksyon an ankò.
- Entèdiksyon mizilman an pa aplike pou rezidan pèmanan, moun ki admèt oswa ki gen libète sou kondisyon (parole) Ozetazini nan dat antre anvigè dekrè a oswa apre dat la, ankontan otorizasyon davans pou libète pwovizwa pou retounen Ozetazini (advance parole); sitwayen doub nasyonalitye k ap vwayaje sou paspò peyi ki pa deziyen an; sèten moun ki gen viza diplomatik; moun ki gen azil, refijye, moun yo akòde sispansyon ekspilsyon oswa pwoteksyon dapre Konvansyon Kont Tòti.
- Egzansyon disponib ka-pa-ka, dapre divès kalite kritè.
- Sitwayen Irak pral gen anpil chans pou yo anba bonjan egzamen.
- Sispann tout admisyon refijye pou 120 jou omwen.
  - Pa aplike pou refijye ki prevwa ofisyèlman pou tranzit anvan dat antre anvigè dekrè a.
  - Eksepsyon pou entèdiksyon refijye a ka fèt ka-pa-ka.
- Diminye objektif admisyon refijye Prezidan Obama a ki te nan 110,000 pou FY2017 pou mete li nan 50,000.
- Akselere finisman yon sistèm byometrik antre-sòti.
- Sispann Pwogram Egzansyon Entèvyou Viza a (Visa Interview Waiver), epi mande pou

tout aplikasyon pou viza ale nan yon entèvyou sof si lalwa pa egzije sa.

- Sa a pa afekte Pwogram Egzansyon Viza a (Visa Waiver Program), ki elimine egzijans pou jwenn yon viza vizitè.
- Konsidere mete fen a tout egzansyon pou motif inadmisibilite anrapò ak teworis, san gade sou fason sipò moun lan pa te gen enpòtans oswa pa te egziste an reyalye pou yon swadizan "òganizasyon teworis".

### **Dekrè sou Òganizasyon Kriminèl Transnasyonal ak Trafik** (siyen le 9 fevriye 2017)

Nan pami anpil lòt bagay, dekrè sa a mande pou gouvènman federal la:

- ranfòse efò aplikasyon lalwa kont "òganizasyon kriminèl transnasyonal" yo, ki gen ladan gang kriminèl, katèl, òganizasyon rakèt, ak lòt gwoup k ap patisipe nan aktivite ilegal ki reprezante yon menas pou sekirite piblik ak sekirite nasyonal epi ki gen relasyon pa egzansyon ak:
  - **kontrebann ilegal ak trafik moun**, dwòg oswa lòt sibstans, bèt sovaj, ak zam;
  - koripsyon, krim enfòmasyon, fwod, krim finansye, ak vòl pwopriyete entelektiyèl; oswa
  - kache oubyen transfere nan fason ilegal lajan ki soti nan aktivite ilegal sa yo.
- Ogmante omaksimòm pataj enfòmasyon ant tout ajans federal yo, nan bi pou idantifye, entèdi, ak kraze "òganizasyon kriminèl transnasyonal" ak òganizasyon ki ba yo sipò;
- Krete yon Gwoup Travay pou Diminye Menas ki pral, nan pami lòt bagay:
  - travay pou amelyore koleksyon ak pataj done ajans Federal yo ki koresponn ak efò Federal kont "òganizasyon kriminèl transnasyonal yo;" epi
  - revize lwa Federal yo, ankontan lwa imigrasyon, pou detèmine fason ki pi efikas pou estope "òganizasyon" sa yo
    - Yo atann yo pral vize paran ki ede timoun yo antre Ozetazini.

## **II. KISA KI KA RIVE TRÈ BYENTO**

### **PWOJÈ DACA, DAPA, ak Dekrè Priyorite Aplikasyon lalwa** (ki poko siyen, nan dat 6 mas 2017)

Jiskaprezan, Prezidan Trump endike ke jèn moun ki anrejistre pou Aksyon Difere pou Moun ki te vini kòm Timoun (DACA, Deferred Action for Childhood Arrivals) pa pral yon priyorite aplikasyon lalwa, sa vle di li p ap chèche depòte moun ki gen DACA.

**Pwojè nou te wè a poko siyen.** Pwojè Dekrè Egzekitif la, ta kapab mete fen nan DACA. Nan pami anpil lòt bagay, dekrè a ta mande gouvènman federal la pou:

- Anile memorandòm 15 jen 2012 la ki mete pwogram DACA anplas.
- Otorize pou nenpòt Dokiman Otorizasyon Travay (pèmi travay) ki bay dapre DACA rete valab jouk rive nan dat ekspirasyon chak pèmi travay.
  - Men, pèmi travay DACA kounye a yo pa kapab pwolonje.
- Sispann akòde Libète Kondisyonèl Davans (pèmision vwayaj) pou moun DACA yo.
- Anile memorandòm 20 novanm 2014 la ki kreye pwogram Aksyon Difere pou Paran Ameriken ak Rezidan Pèmanan (DAPA, Parents of Americans and Permanent Residents).
- Retire sèten memorandòm priyorite aplikasyon lalwa.
- Pèmèt kontinye akòde DACA ka-pa-ka.

**PWOJÈ Dekrè ki Afekte Moun k ap resevwa Benefis Gouvènman** (poko siyen, nan dat 6 mas 2017)

Nou te wè sèlman yon **pwojè** Dekrè Egzekitif sa a, ki poko siyen. Li ta va afekte touswit imigran yo ak esponsò yo. Lwa byennèt sosyal federal ki la kounye a pèmèt gouvènman an fè esponsò yo peye afidavit sipò pou pri sèten benefis imigran ke yo patwonen resevwa, men nan pifò ka, lwa sa a pa toujou respekte nan Eta New York. Pou kòmanse aplike lwa a, Dekrè Egzekitif la ta mande gouvènman federal la pou kòmanse chèche kolekte pri sèten benefis nan men esponsò yo.

Dekrè Egzekitif la ta mande tou pou fè soti nouvo règleman apre yon peryòd avi ak kòmantè. Sa vle di nouvo règ yo pa t ap antre anvigè imedyatman, epi nou ta va gen tan pou prepare yon repons ak konsèy pou kliyan nou yo swiv. Nouvo règ sa yo ta va konsènen asavwa kimoun ki konsidere kòm yon "fado piblik" - nan ki sikonstans yon moun ki resevwa benefis gouvènman gen risk pou depòtasyon oswa pou refi admisyon Ozetazini. Nouvo règ yo ta redefini tou lis ki benefis ki finanse ak lajan federal ki ta kapab mete yon moun nan risk pou depòtasyon oswa pou refi pou admisyon.

**PWOJÈ Dekrè Konsènan Travayè Etranje** (poko siyen, nan dat 6 mas 2017)

Nan pami anpil lòt bagay, **pwojè** Dekrè Egzekitif sa a, ki poko siyen, mande gouvènman federal la pou:

- Revize politik libète sou kondisyon yo ak pwobableman elimine kapasite pou ajiste sitiyaasyon yon moun pou li vin rezidan pèmanan apre li antre nan libète sou kondisyon, ikonpri apre vwayaj sou libète kondisyonèl davans.
- Fè divès chanjman nan divès kalite kategori viza travayè etranje, ki gen ladan men se pa sa sèlman:
  - Limite kapasite pou ajiste sitiyaasyon yon moun.
  - Chanje pou vin yon sistèm ki baze sou merit.
  - Pwoteje travayè Etazini kont dezavantaj travayè etranje yo.
  - Fè pwogram travayè agrikòl H2A pi efikas.
- Devlope itilizasyon E-Verify.
- Fè ankèt sou nenpòt blesi travayè etranje fè sou nenpòt travayè Etazini.
- Fè rapò kantite pèmi travay yo ba moun ki fèt aletranje, ak sou kantite moun ki fèt aletranje ki otorize travay Ozetazini.

### III. LÒT

**Estatè Pwoteksyon Tanporè (TPS, Temporary Protected Status)**

- Prezidan Trump pa te di si li pral kontinye oswa si li pa pral kontinye ak Estatè Pwoteksyon Tanporè (TPS, Temporary Protected Status) pou peyi ki deziyen yo.
- Yon preyavi 60 jou nesesè pou anile deziyasyon TPS yo.
- Peyi annapre la yo gen TPS aktyèlman: Salvadò, Gine, Ayiti, Ondiras, Liberya, Nepal,

### **Moun ki Pa-sitwayen ki gen Kondanasyon Kriminèl**

- Ou dwe kontakte yon avoka ki gen bon repitasyon oswa yon founisè sèvis legal pou jwenn konsèy si w gen yon kondanasyon kriminèl (oswa plizyè).
- Si w nan pwosè kriminèl kounye a oswa pi devan, ou dwe enfòmme avoka w ke ou pa yon sitwayen epi ou gen enkyetid konsènan konsekans yon kondanasyon oswa akizasyon kriminèl genyen sou imigrasyon.

### **Ou Gen Dwa**

- Dwa pou Rete an Silans: pa pale ak ajan imigrasyon oswa ak lapolis, epi pa siyen anyen, san w pa pale ak yon avoka anvan.
  - Pa fè anyen ki piplis pase bay non w ak adrès ou.
  - **Pa** bay nan ki peyi ou fèt oswa peyi sitwayènte/nasyonalite w.
  - **Pa** bay manti ni enfòmasyon ki pa kòrèk.
  - Di sèlman "Mwen p ap reponn ankenn keksyon ankò jiskaske mwen gen yon avoka." Lèsa, rete an silans!
- Pa louvri pòt ou epi pa kite lapolis antre sof si yo gen yon manda pou arestasyon kriminèl oswa pou fouye.
- Ajans Vil la pa sipoze mande enfòmasyon sou kondisyon imigrasyon w, sof si li nesèsè pou gade si w kalifye pou sèten benefis.
- Lapolis pa sipoze mande enfòmasyon sou kondisyon imigrasyon w, sof si sa gen rapò ak ankèt yo.
- Rele konsila w si yo arete w.
- Pa mache ak paspò peyi w oswa kat konsila ou kòm idantifikasyon, si ou gen lòt ID ki gen foto.

### **Planifye Alavans**

- Fè yon plan dijans pou prizon ak depòtasyon:
  - Nonmen yon moun pou pran swen timoun ou.
  - Kite kopi dokiman idantite w (paspò, batistè, elatriye) nan men yon moun ou fè konfyans.

**Si w gen nenpòt kesyon oswa ou bezwen asistans, tanpri rele Liy Dirèk Imigrasyon nou an nan 844-955-3425 lè vandredi depi 9:30 am rive 12:30 pm.**